# SHÍǴÍS OYSHÍL ALÍMLARÍNÍŃ MILLIY MUZÍKA HAQQÍNDAǴÍ KÓZ-QARASLARÍ

**Qıdırbaeva Tumaris**
ÓzMKÓMI NF "Folklor hám etnografiya" kafedrası
"Baqsıshılıq hám dástanshılıq" qaniygeligi 1-kurs student.
**Lola Maxammatdinova**
Ilimiy basshı "Folklor hám etnografiya" kafedrası baslıǵı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.17486432

***Annotaciya.*** *Bul maqalada shıǵıs oyshıl alımlarınıń milliy muzıka haqqındaǵı kóz-qarasları hámde qaraqalpaq milliy saz ásbaplarınıń milliy muzıkamızda tutqan ornı haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sózi:*** *Kórkeóm óner, saz ásbap, muzıka, nama, saz, shıǵıs oyshılları, estetika, tariyx.*

## SHARQ ALLOMALARINING MILLIY MUSIQA HAQIDAGI QARASHLARI

***Annotatsiya.*** *Ushbu maqolada sharq mutafakkir olimlarining milliy musiqa haqidagi qarashlari hamda qoraqalpoq milliy cholg'u asboblarining milliy musiqamizda tutgan o'rni haqida so'z yuritilgan.*

***Kalit so'zi:*** *Badiiy san'at, cholg'u asbobi, musiqa, navo, soz, sharq allomalari, estetika, tarix.*

## ВЗГЛЯДЫ ВОСТОЧНЫХ УЧЕНЫХ НА НАЦИОНАЛЬНУЮ МУЗЫКУ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются взгляды восточных ученых-мыслителей на национальную музыку и роль каракалпакских национальных музыкальных инструментов в нашей национальной музыке.*

***Ключевое слово:*** *Искусство, музыкальный инструмент, музыка, мелодия, инструмент, восточные ученые, эстетика, история.*

## VIEWS OF EASTERN SCHOLARS ON NATIONAL MUSIC

***Abstract.*** *This article examines the views of Eastern thinker scholars on national music and the role of Karakalpak national musical instruments in our national music.*

***Key words:*** *Art, musical instrument, music, melody, instrument, Eastern scholars, aesthetics, history.*

Qaraqalpaq milliy saz ásbapları kórkem óneriniń dáwirlik rawajlanıw basqıshlarına názer taslasaq milliy saz ásbapları kórkem óneri hár bir xalıqtıń mádeniy miyrası, ruwxıy dúnyası hám milliy ózliginiń ajıralmas bólegi bolıp tabıladı. Qaraqalpaq milliy saz ásbapları - qaraqalpaq xalqı mádeniyatınıń áhmietli bólegi esaplanadı. Olardıń ayırımları ulıwma túrkiy xalıqlar arasında keń tarqalǵan bolsa da, ayırımları tek qaraqalpaqlarǵa tán.

Qaraqalpaq milliy saz ásbapları kórkem óneri - bul qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy, mádeniy hám estetikalıq kóz-qarasın sáwlelendiretuǵın muzıka kórkem óneriniń áhmietli tarawlarınan biri bolıp esaplanadı. Ol óziniń bay dástúrleri, xalıq nama-qosıqları, instrumental atqarıwshılıq mektepleri hám xalıq arasında saqlanıp kiyatırgan saz ásbapları menen ajıralıp turadi.

Xalıq saz ásbapları ráń-báreń túrde, ózine tán muzıkanıń barlıq tarawlarına sáykes túrde qáliplesip, ásirler dawamında rawajlanıp kiyatırǵanlıǵı haqqında Ábiw Rayxan Beruniy, Ábiw Áliy Ibn Sina, Axmed Yugnakiy, Muslihiddin Saadiy, Abduraxman Jámiy, Áliysher Nawayı, Davaniy sıyaqlı oyshıllar, sonday-aq, qaraqalpaq xalıq shayırı, baqsıları: Jiyen jıraw, Kúnxoja,

Berdaq shayır hám baqsı hám onıń qızı Hurliman, Ájiniyaz shayır, Jańabay Qaratay ulı, Axımbet baqsı hám onıń shákirtleri tárepinen dóretilgen xalıq namaları Japaq Shamuratov, Esjan Qospolatov, Ámet Tarixov, Genjebay Tileumuratov, Turǵanbay Qurbanov sıyaqlı xalıq baqsıları Aytjan Xojalepesov, Angsatbay Qayratdinov, Ǵayrat Utemuratovlardıń ilimiy, materiallıq hám mádeniy miyrasına súyengen.

Olar óz shıǵarmalarında muzıkanı teoriyalıq jaqtan úyrenip, onıń ruwxiy, ádep-ikramlılıq hám estetikalıq áhmiyetin jarıtqan. Tómende usı baǵdardaǵı yeń ataqlı alımlar hám olardıń muzıka tarawındaǵı kóz-qarasları haqqında qısqasha maǵluwmat keltiremiz. Abu Nasr Farabiydiń "Kitob al-musiqiy al-kabir" (Úlken muzıka) shıǵarmasında muzıkanı filosofiyalıq hám matematikalıq jaqtan talqılanıp, onda muzıkanı insan ruwxıylıǵına tásir etiwshi kúshli faktor ekenligi atap ótilgen hám muzıka ádep-ikramlılıq tárbiyası quralı sıpatında bahalagan. Farabiy muzıka janrları, ladlar (maqamlar), sesler hám ritmler haqqında anıq sistema jaratqan.

Abu Ali ibn Sino "Kitob ash-shifo", "Danishpanlıq kitabı"nda muzıka insannıń keypiyatın jaqsılatuǵın, ruwxiy keselliklerdi emleytuǵın qural sıpatında tán algan, alım tárepinen sestiń payda boliwi, oniń fiziologiyalıq tásiri haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen. Ilimpazdıń pikirinshe, milliy muzıka kórkem óneri, xalıq namaları insan dúnyaga keliwi menen onıń ishki ruwxiy dúnyasına aylanadı.

Jalaliddin Davoniy muzıkanı ádep-ikramlılıq filosofiyası menen baylanıstırıp úyrengen hám ruwxıy jetilisiwge jeteklewshi faktor dep pikir bildirgen bolsa, Abduraxman Jamiydiń teoriyalıq kóz-qarasları muzıkanıń irfoniy (tasawıf) tárepleri menen baylanısqan, Jamiy maqomlar hám muzıkanıń ruwxıy tásiri haqqında óz pikir-usinısların bildirgen.

Alisher Nawayı tuwrıdan-tuwrı muzıka teoriyası menen shuǵıllanbaǵan bolsa da, shıǵarmalarında muzıkalıq mádeniyat, muzıkantlar hám maqomlar haqqında kóp jazǵan. Onıń sufizm ideyalarında muzıka ruwxiy jetilisiwge qaraytuǵın jol dep qaralgan.

Milliy muzıka hám tárbiya procesinde aqıl-násiyat sózleri ayrıqsha orın iyeleytuǵının aytıw kerek. Xalıq namaları hámiyshe insannıń gózzallıqqa bolǵan sezimlerin qáliplestirip, óziniń eń jaqsı ideyaları menen jaslardı ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalaw deregi bolıp esaplanadı. Násiyatlar xalıq namaları menen atqarılsa búgingi kún jaslarınıń qálbine tez hám mazmunlı bolıp jetip barıwı tájiriybelerimizde óz kórinisin taptı.

Zamanagóy talqılawda atqarılatuǵın xalıq namaları barlıq milliy dástúrlerdi óz ishine qamtıp alıp, óziniń jaǵımlı, tásirsheń sezimlerin tuwdırıwı menen jaslardıń dıqqatın ózine qaratıp, ózine boysındıra alıw qúdiretine iye. Sebebi, názik taralıp atırǵan sesler astındaǵı xalıqlıq namalar ótmishti esletip, tariyxıy haqıyqattı ańlawǵa, xalıq qosıqları bolsa ájayıp naması menen hadallıqqa, adamgershilikke, eldi súyiwge shaqırıp turǵanday seziledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Jiyenbaevich M. I. The evolution of music pedagogy of the karakalpak people: Historical and theoretical aspects //Asian Journal of Research in Social Sciences and Humanities. – 2021. – T. 11. – №. 10. – C. 27-32.
2. Jiyenbaevich M. I. Competence-based approach in higher musical and professional education //ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal. – 2022. – T. 12. – №. 4. – C. 42-47.

3. Jiyenbaevich M. I. COMPETENCE-BASED APPROACH IN HIGHER MUSICAL AND PROFESSIONAL EDUCATION //PROMINENCE OF INFORMATION BASES& MEDIA ASSESSMENTS IN THE POST CONFLICT MARKETING ENVIORNMENT.
4. Моянов Ы. Д. ҚОРАҚАЛПОҚ ХАЛҚИ МУСИҚИЙ ПЕДАГОГИКАСИНИНГ ТАРИХИЙ-НАЗАРИЙ ЖИҲАТЛАРИ: Моянов Ыкласбай Жийенбаевич Ўзбекистон Давлат санъат вамаданият институти Нукус филиали, «халқ ижодиёти» кафедраси в. в. б доценти. Педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) //Образование и инновационные исследования международный научно-методический журнал. – 2021. – №. 5.
5. Моянов Ы. Д. ҚОРАҚАЛПОҚ ХАЛҚИ МУСИҚИЙ ПЕДАГОГИКАСИНИНГ ТАРИХИЙ-НАЗАРИЙ ЖИҲАТЛАРИ //Образование и инновационные исследования международный научно-методический журнал. – 2021. – №. 5.